**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ**
**РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН**
**МБОУ «Верхнекаранайская сош»**
**Россия, Республика Дагестан, 368212 Буйнакский район, сел В.Каранай,**
asiyat_2017@mail.ru

**Рассмотрено**
**На заседании**
**У.М.**
**Педагогического совета**
**Протокол № 1 от 30.08.2024 г**

**Утверждаю________**
**И.о. директора Магомедова У.М.**

**«Согласовано»________**
**Зам по УВР Магомедова**

# Рабочая программа по русской литературе

# 5 класс

## на 2024-2025 уч.год

**Количество часов: 102**
**3 часа в неделю**

**Составитель: Абдурахманова С.М.**

## ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

Художествияб адабияталъ к1удияб кумек гьабула кинабго рахъ камилав инсан куцазе, г1агараб халкъалъул рух1ияб бечелъиялъул кьуч1алда г1олилазе тарбия кьезе.
Гьединлъидал школалда малъизе т1аса рищун руго ц1алдохъабазе мустах1икъал, маг1наялъул ва мац1алъул рахъалъ щвалде щварал авар литератураялъул ва вацлъиялъул миллатазул цо-цо асарал. Гьезда т1ад х1алт1улаго, лъималазда лъазе ккола художествиял асаразул анализ гьабизе, гьезие бит1араб къимат кьезе ва адабияб теориялъул к1вар бугел баяназдаса пайда босизе, гьелдаго цадахъ гьезие рагьизе ккола художествияб каламалъул пасих1лъи ва гъварилъи.
Раг1ул устарлъиялъул асарал малъи ккола адабияб курсалъул аслияб рахълъун.
Малъиялъул мурадлъун ккола раг1ул устарлъиялда лъимал хадур гъезари, камилал художествиял асаразда гъорлъе раккизе ругьун гьари, пасих1аб сипатияб каламалъул тату лъаялде гьел рачин, гьелъул кьуч1алда асаразулъ рихьизарурал обществиял гьоркьорлъабаздалъун, г1адамазул г1амал-хасиятаздалъун авторасе абизе ва бихьизабизе бокьараб аслияб пикру рагьиялде ва бич1ч1иялде рач1ин.
Адабияб курсалда жаниб хасаб бак1 ккола ват1ан хиралъиялъул, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи кквеялъул, дунялалъулго зах1матхалкъалъул мурадал ц1униялъул асар ц1алдохъабалъ куцаялъ.
Адабияталъул дарсаз лъимал т1амула миллатазул адаб-х1урмат гьабизе, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи бищун къиматаб бечелъи х1исабалда къабул гьабизе. Гьеб мурадалъе г1оло ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула цогидал миллатазул литератураялдаса авар мац1алде руссинарурал лъик1ал асаразулгун.
Лъайгун тарбия кьеялъул масъалабиги, ц1алдохъабазул г1елалъулаб х1албихьиги х1исабалде босун, авар мац1алда литератураялъул курс г1уц1ун буго к1иго бут1аялдасан: т1оцебесеб V-IX классазда литературияб ц1али, к1иабилеб — дагъистаналъул литератураялъул курс.
V-IX классазе ц1алул материал кьун буго тарихиябгун-тематикияб ва жанразул тартибги ц1унун. Гьениб х1исабалде босула байбихьул классазда ц1алул дарсазда лъималазе щвараб х1албихьи ва гьениб лъураб кьуч1алда г1уц1ула хадубккун литературияб ц1али.
V-IX классазда малъизе программаялда рихьизарун руго лъайгун тарбия кьеялъе лъик1ал ресал ругел, рич1ч1изе бигьаял, художествияб рахъалъ щвалде щварал халкъияб к1алзул гьунаралъул, авар адабиятальул ва вацлъиялъул миллатазул хъвадарухъабазул т1аса рищарал асарал.

Гьаб программаялъул аслияб т1алаб: литератураялде лъималазул рокьи ц1ик1к1инаби; чвахун ва пасих1го ц1алиялъул бажари камиллъизаби; малъулел асаразул гъварилъуде раккизе ва аслияб пикруялда (идеялда) хадур гъезе к1везелъун, анализалъе авалияб роцада лъимал ругьун гьари, т1ахьал ц1ализе гьира-шавкъ бижизаби.

V-IX классазе т1аса рищарал асараз рес кьола ц1алдохъабазул г1умруялъул х1албихьи бечед гьабизе, сипатияб каламалъул лазат босизе лъималазда малъизе, гьезулъ рух1ияб сахаватлъи куцазе, г1умруялда дандч1валел г1емерал лъугьа-бахъиназе бит1араб къимат кьезе ругьун гьаризе.

Щибаб классалъул курс г1уц1ун буго тарихиябгун тематикияб тартибги ц1унун. Гьелъ рес кьола лъималазул лъай г1амлъизабизе, литературиял асаразда кколел лъугьа-бахъинал ч1ванкъот1араб тарихияб заманалда хурхарал рук1ин ц1алдохъабазда бич1ч1изабизе, ва гьезда бихьизабизе гьел асаразда жаниб бат1и-бат1ияб тарихияб заманалъул г1адамазул г1умруги г1амал-хасиятги ва рук1а-рахъинги гвангъун цебеч1езабун бук1ин; гьелдаго цадахъ лъималазе рагьула жакъасеб къоялдаги гьел малъулел асаразул бугеб к1вар: гьанжесеб г1умруялъе бит1араб къимат кьун бажаруларо, аралда данде ккеч1ого.

X-XI классазда малъула дагъистаналъул литература.

X-XI классазда малъизе х1исабалде росун руго дагъистаналъул вацлъиялъул миллатазул машгьурал раг1ул устарзабазул т1асарищарал асарал.

Т1асиял классазда авар ва дагъистаналъул литература малъиялъул аслияб масъалалъун ккола художествиял асарал гъваридго рич1ч1улев, гьезул идеялда (аслияб пикруялда), сипатияб каламалъул хаслъабазда хадув гъолев, гьезие бит1араб къимат кьун бажарулев, жиндир халкъалъул рух1ияб бечелъи босарав чилъун щивав ц1алдохъан вахъинави.

Авар адабияталдаги инсаниятальего г1аммал образал ратизе ва ратlа рахъизе лъимал ругьун гьарула. Учителас ц1алдохъабазда малъула, халкъалъ ч1езарурал рух1иял г1урхъабазда рекъон, героязул хьвада-ч1вади, г1амал-хасият борцине. Гьебго х1алт1и г1урус адабияталъул дарсаздаги гьабулелъул, к1иябго адабияталда рух1иял т1алабал т1урараб куц данде ккун, г1аммал рахъал ратани, лъимал х1асилалде рачине зах1малъуларо.

Школалда малъизе т1асарищун руго хъвадарухъанасул художествияб рахъалъ камилал, тарбия кьеялье мустах1икъал асарал.
Ц1алдохъабазда т1адаб буго классалданиги рокъобниги гьел асарал т1уранго ц1ализе. Ц1алулаго лъугьараб рух1ияб асаралъул кьуч1алда гьабула анализалъулаб х1алт1иги.

Асарал малъулаго, хъвадарухъанасул г1умруялъул ва творческияб нухалъул х1акъалъулъ баяналги кьезе ккола. Гьелъ квербахъула художествиял асарал гъваридго рич1ч1изаризе гуребги, ват1аналъе рит1ухъав, халкъалъул рух1ияб байрахъ борхатго кквезе къеркьарав раг1ул устарасул х1алуцараб

г1умру, жигараб х1аракатчилъи баян гьабизеги. Гьелъул х1асилалда ц1алдохъабазда цебе ч1езе ккола т1олабго жиндир пагьму-гьунарги рек1ел бух1иги хирияб Ват1аналъе, г1агараб халкъалъе хъулухъалъе кьурав г1акъилав авторасул гвангъараб сипат.

Аваразул ва дагъистаналъул цогидалги миллатазул адабияталъул г1аммаб цебет1еялъул бицинеги программаялда заман бихьизабун буго.

Анализ гьабулелъул, т1адч1ей гьабула малъизе рихьизарурал асаразда ва пайда босула цереккун малъараздаса.

«1946-1990 соназда дагъистаналъул халкъазул адабият» малъулаго, т1адч1ей гьабизе ккола программаялда кьурал т1асарищарал асаразда.

X-XI классазда дагъистаналъул цогидал миллатазул литератураялдаса бищун лъик!ал рагI1ул устарзабазул цо-цо асарал гъваридго малъиялъ рес кьола Дагъистаналъул халкъалъул гъунки, рух1ияб цолъи, г1ахьалаб къисмат, бат1и-бат1ияб кьералъул цогояб культура бук1ин бихьизабизе, миллатазда гьоркьоб гьуинлъи-вацлъи бищун т1адег1анаб хазиналъун лъугьин баян гьабизе. Дагъистаналъул хъвадарухъабазул цебесеб ва гьанжесеб къисматалъул релълъен, гьезул адабият цогояб чвахиялде свери баянго бихьизабизе бигьалъула, дандеккун хал гьабураб мехалъ.

Программаялда мух1канго ч1езарун руго щибаб классалда лъималазда лъазе кколел литературияб теориялдаса баянал. Теориялдаса авалиял баянал кьезе байбихьула 5 классалда, хадубккун гьезул сиях1 ц1и- к1к1инабизе, малъарал гъварид гьаризе х1исабалде росун руго. Асаразул анализ гьабулелъул, ц1алдохъабаз теориялъул баяназдаса г1ат1идго пайда босизе ккола.

X-XI классазда мугъч1вай гьабула гIурус адабияталъул дарсазда малъарал адабияб теориялъул баяназда.

Раг1а-ракьанде щун, адабияб лъай кьеялъул масъала т1убан бажаруларо, г1ат1идаб къаг1идаялъ класстун къват1исеб ц1али г1уц1ич1ого. Гьединлъидал чара гьеч1ого т1убазе ккола класстун къват1исеб ц1алиялъул программаги.

Гьезда тIасан гара-ч1вари гьабизе хасал дарсалги рихьизарун руго. Муг1алимасда т1адаб буго ц1алдохъабазе ц1ализе кьезе цох1о рихьизарурал гурелги, ахираб заманалъ басмаялде рахъарал, критиказ реццарал ц1иял асаралги.

Щибаб классалъул программаялда кьун буго к1алзул ва хъвавул калам цебет1езабизелъун т1орит1изе кколел х1алт1абазул къадар.

Гьел х1алт1аби щулаго рухьарал руго адабиял асарал малъиялда. Гьединльидал лъималги ругьунлъула сипатияб каламалде, поэтазул, хъвадарухъабазул пасих1аб мац1алде, раг1аби дандразе, хабар г1уц1изе, маг1наялда рекъараб форма батизе, жидерго пикру къокъго ва баянго загьир гьабизе. Гьелдалъун асаразул анализ гьабизеги, гьезие къимат кьезеги ц1алдохьабазул бажари борхула.

Программаялда ч1езабун буго, адабияталъул курс малъулаго, лъималазе щвезе кколеб лъаялъул ва лъугьине кколеб бажариялъул мух1канаб г1урхъи-рахъ. Лъазе ккола малъулел асаразул х1асил бицине, щибаб классалъул программаялда кьурал литературияб геориялъул баяназдаса г1ат1идго пайда босизе, программаялъ т1адаллъун гьарурал текстал рек1ехъе ц1ализе.

Ругьунльиялъулгун бажариялъул т1алабал к1ийиде рикьун рихьизарун руго:

-Асаралъул анализ гьабун ва гьелъие къимат кьун бажари;

-Калам г1уц1ун бажари.

Программаялда бихьизабун буго щибаб художествияб асар малъизе бикьун кьураб ц1алул заман.

Адабияталъул дарсазда цадахъго г1ат1идго бачине ккола класстун къват1исеб х1алт1иги: адабияб кружок, лигературиял х1аял, пасих1го куч1дул, харбал ц1алиялъул къецал, бихьаралда т1асан гара-ч1вари г1уц1и, поэтазул, хъвадарухъабазул бак1азде сапарал гьари, литературиял музеязде щвей, халкъияб к1алзул гьунаразул асарал рак1ари г1адал тадбирал.

# Авар адабият 5 класс

| № п/п | Дарсил тема | Саг1тазул къадар | Дарсил тайпа | Дарсил мурад | Рокъобе х1алт1и | Планалъулаб къо-моц1 | Х1ужжаялъулаб къо-моц1 |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Байбихьи. Инсанасул г1умру ва адабият | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Инсанасул г1умруялда жаниб ц1алдеялъул к1вар бихьизаби;<br>2. Школалда адабият малъи х1ажатаб шарт1 бук1ин лъай. | Гьум. 3-4 | | |
| 2 | Халкъияб к1алзул гьунар. Ганч1ил вас | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Инсанасе бищун т1адег1анаб рух1ияб бечелъи Ват1ан бук1ин бихьизаби;<br>2. Ват1ан хиралъи маргьаялъул аслияб маг1на бук1ин лъай<br>3. Аслиял героязе баян кьей;<br>4. Ц1алул бажари борхизаби;<br>5. Ват1ан хириясе хвел бук1унаро-ян абураб кициялъул маг1на лъай;<br>6. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 8-11 Къокъаб х1асил бицине. | | |
| 3 | Лъабго гьунар гьабурав бах1арчи | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Маргьаялъул аслиял бут1аби къокъго рицине ругьун гьари;<br>2. Ханзабазул, багьадурасул, г1ажаибал ясазул хасият- г1амалалъул анализ гьабулаго, ц1алдохъаби г1илла мурадалъул гьоркьорлъаби ратизе ва гьезие бит1араб къимат кьезе ругьун гьари;<br>3. Инсанасе бищун т1адег1анаб рух1ияб бечелъи Ват1ан бук1ин лъай маргьаялъул аслияб маг1на;<br>4. Инсанасул лъик1ал рахъазе рецц гьаби;<br>5. Лъик1лъиялъ квешлъи къезаби бихьизабизе ц1алдохъаби ругьун гьари | Гьум. 14-20 Къокъаб х1асил бицине. | | |
| 4 | Дир сонал т1икъваялда хъван руго | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Х1айваназул х1акъалъулъ ругел маргьабазе баян кьей;<br>2. Ц1алул бажари борхизаби ва маргьаялъул х1асилалда хадур гъезари;<br>3. Рит1ухълъиялъ бергьенлъи босизе бук1ин бихьизаби | Гьум. 21-23 Къокъаб х1асил бицине. | | |
| 5 | Маргьа ургъи. Калам цебет1езаби | 1 | Калам цебет1езаби | 1. Маргьабазул тайпаби рак1алде щвезари;<br>2. Маргьа ургъизе ц1алдохъаби ругьун гьари;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Маргьа лъугьи-набизе | | |
| 6 | Кьурулъ хут1арав Г1али | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Коч1олъ х1алт1изарулал маргьаялъе хасиятал рахъарал рихьизари; | Гьум. 24-28 пасих1го | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 2. Чвахун, бит1ун кеч1 ц1алиялъул бажари борхизаби;<br>3. Халкъалъ коч1олъ какулел г1адамазул инжитаб г1амал-хасият рагьи<br>4. Хъант1иялъ, бахиллъиялъ ва жах1даялъ чиясул инсанлъи лъуг1изабулеб ва гьев х1илла-рек1к1алде вачунеб куц коч1олъ бихьизабун бугеб къаг1ида лъай; | ц1ализе, кесек рекъехъе лъазаби-зе | | |
| 7 | Бицанк1аби, кицаби ва абиял | 1 | Ц1ияб материал малъи | 1. Бицанк1абазул к1вар ва хаслъи рагьи;<br>2. Кицабазул ва абиязул гъварилъи, маг1наялъул бечелъи бихьизаби, гьездаса пайда босизе малъи;<br>3. Кицаби ва абиял-халкъияб г1акълуялъул хазина бук1ин лъай;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 29-40<br>5 би-цанк1о,5 кици, 5 аби рек1ехъе лъазари-зе | | |
| 8 | Табасарана-зул халкъияб кеч1. Мискинлъи Даргиязул халкъияб кеч1. | 1 | Ц1ияб материал малъи | 1. Г1адамил наслу г1адал гьабулеб бук1ин мискинлъиялъ бихьизаби;<br>2. Мискинлъиялъ, кинабгоги бахъун, хаолкъалъе балагь толеб бук1ин бихьизабизе;<br>3. Багьадурзабазул лъудби пашманлъиялъе г1илла бихьизабизе лъай;<br>4. Х1алихьатазул лъудби рохун рук1иналъе г1илла бихьизабизе лъай;<br>5. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 41-44 п/ц1 | | |
| 9 | Класстун къват1исеб ц1алиялдаса гара-ч1вари | 1 | Класстун къват1и-себ ц1али | | | | |
| 10 | Ц1адаса Х1амзат. Гъалбац1ги г1анк1ги | 1 | Ц1ияб материал малъи | 1. Ц1адаса Х1амзатил х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Зулмучиясул ахир хвалдалъун лъугьунеблъи-маргьаялъул аслияб пикру бук1ин лъай;<br>3. Бищун х1инкъараблъун толеб г1анк1ил бах1арчилъи-г1акъилаблъун бук1ин бихьизаби;<br>4. Гъалбац1 хвеялъе г1илла-жиндаса бергьунеб жанавар бегьуларин абураб пахрулъи, къуваталда мугъч1вай бук1ин бихьизаби<br>5. Ц1алул бажари борхизаби;<br>6. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 46-51 Кесек рек1ехъе лъазаби-зе | | |
| 11 | Гъалбац1ги г1анк1ги. Коч1ол роценалъул х1акъалъулъ баян | 1 | Ц1ияб материал малъи | 1. Маг1ирукъалъул бак1алда г1алхуда бертин гьабиялъе г1илла щиб бугебали ц1алдохъабазда бихьизабизе лъай;<br>2. Коч1ол роценалъул х1акъалъулъ баян кьезе | Гьум. 51-56 Кесек рек1ехъе лъазаби-зе | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 12 | Г1. Хачалов Шахламаз | 1 | Ц1ияб материал малъи | 1. Хачаловасул х1акъалъулъ къокъаб баян кьей;<br>2. Халкъияб маргьаялъулъ рит1ухълъи бергьин, т1екълъи-къей г1умруялъул закон бук1ин лъазе;<br>3 . Беццай ессарухъаналъул ц1одорлъи, пахруяв ханасул лъавукълъи ва пахрулъи бихьизаби;<br>4. Героязе къимат кьей;<br>5. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 57-63 Къокъаб х1асил бицине. | | |
| 13 | Г1абасил Мух1амад Ч1ибирикъ | 1 | Комб. | 1. Г1. Мух1амадил х1акъалъулъ къокъаб баян кьей;<br>2.Бах1арчи хъабчилъ ватула» абураб кици маргьаялъулъ аслияб маг1на бук1ин бич1ч1изаби;<br>3. Бечелъиялъе ва чилъиялъе авторас кьолеб къимат бихьизабизе к1вей ц1алдохъабазда;<br>4. Инсанасул талих1, бечелъиялъулъ гуреб, чилъиялъулъ бук1ин лъай;<br>5. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 64-73 п/ц1. | | |
| 14 | Ч1ибирикъ | 1 | Комб. | 1.Бах1арчи хъабчилъ ватула» абураб кици маргьаялъулъ аслияб маг1на бук1ин бич1ч1изаби;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби<br>3. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари ц1ехей | Гьум. 73-77 п/ц1. | | |
| 15 | Калам цебет1езаби. Текст ц1али | 1 | Калам цебет1е-заби | 1. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби;<br>2. Ц1алдохъабазул ц1алул бажари ц1ехей | | | |
| 16 | И.Г1алих1а-жияв. Бечедал чаг1азде. Т1абиг1ат берцинаб жо. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Г1алих1ажиясул х1акъалъулъ къокъаб баян кьей;<br>2. Жидерго зах1маталдалъун бет1ербахъи гьабулев инсанасул сахаватлъи ва рек1ел бечелъи бихьизаби;<br>3.Т1абиг1аталде рокьи ц1ик1к1инаби ва гьеб ц1унизе ккей бич1ч1инаби.<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 82-86 | | |
| 17 | Элдарилав. Хъура-хъара | 1 | Ц1ияб материал малъи | 1. Элдариласул х1акъалъулъ къокъаб баян кьей;<br>2. Инсанасул г1умруялъулъ рит1ухълъи гьеч1олъи шаг1ирас какун бугеб куц бихьизаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 87-90 | | |
| 18 | Кочхюралда-са Саг1ид. Милъиршо. Ах1е куч1дул, | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Шаг1ирасул г1умруялъул ва гьесул заманалъул къокъаб баян кьей;<br>2. Милъиршо-ихдал бач1унеб, хасалихъе нахъе унеб эркенаб х1анч1ида шаг1ирасул бахиллъиялъе | Гьум. 92-96 | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | ашуг. | | | г1илла лъай;<br>3. Живги эркенлъиялде цадахъ вачеян милъиршоялда гьариялъе г1илла бихьизабизе лъай;<br>4. Жиндир т1олабго шиг1руяб гьунар г1адатал г1адамазул рак1ал г1ат1ид гьаризе ва гьезул пашманлъи т1аса босиялде коч1охъаби ах1и;<br>5. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | | | |
| 19 | Абут1алип Гъапуров. Дир г1умру | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Авторасул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Революциялда цебе мискинзабазул кьог1аб, язихъаб ва зах1матаб г1умруялда дандеккун, жакъасеб г1умру талих1аб бук1ин ц1алдохъабазда бич1ч1изаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 96-100 | | |
| 20 | Дир г1умру. Анализ | 1 | Анализ гьаби | 1. Дандеккеялъе баян кьезе;<br>2. Бечедал устарзабаз ругьун гьаризе ккун рук1арал лъималазул гъин кваналеб бук1араб куц бихьизабизе лъай;<br>3. Чалабил вах1шилъи, къарумлъи, рух1ияб мискинлъи бихьизаби;<br>4. Мискинав васасул рух1ияб бечелъи, эркенлъиялде ц1айва гьелде батараб нух бихьизабизе лъай | Гьум. 101-108 Къокъаб х1асил бицине Кесек рек1ехъе лъазаби-зе | | |
| 21 | Калам цебет1езаби. Текст рек1ехъе бици | 1 | Калам цебет1ез аби | 1. Рек1ехъе лъазабураб текст пасих1го, бит1ун бицине лъай борцине;<br>2. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | | | |
| 22 | Г1азиз Иминагъаев. Х1алт1ухъан асул г1умру | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Цебе х1алт1ухъабазул бук1араб язихъаб х1алалъул ва кьог1аб къисматалъул сурат цебеч1ч1езаби;<br>2. Кибго мискинзабазул биги г1ет1ги бечедазги т1адчаг1азги ц1улеб бук1ин бихьизаби;<br>3. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби;<br>4. Ц1алул бажари борхизаби | Гьум. 110-112 | | |
| 23 | Ц1. Х1амзат. Гьудуллъи лъилгун ккелеб? | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Т1ехь рух1ияб бечелъи бук1ин ва гьелъулгун гьудуллъи ккеялъул пайда к1удияб бук1ин ц1алдохъабазда бич1ч1изаби;<br>2. Гьудуллъиялдехун, зах1маталдехун бугеб бербалагьи бихьизаби;<br>3. Коч1ол насих1атаб хасият бихьизаби | Гьум. 113-116 Рек1ехъе лъазаби-зе | | |
| 24 | М. Шамхалов. Зурмихъаба-зул нохъода | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Литературияв героясул х1акъалъулъ баян г1ат1ид гьаби (каламалдалъун ва ишаздалъун героязул г1амал-хасият рагьи)<br>2. Ц1алул бажари борхизаби<br>3. Г1адатаб анализалдалъун | Гьум. 116-133 | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | гьудуллъиялъул закон бич1ч1иялде лъимал рачин. Гьезда гьоркьоб гьудуллъи щулалъиялъе ц1ик1к1аразул квербакъи бихьизаби;<br>4. Зах1маталдехун, боц1удехун ва гьоялдехун бугеб героязул бербалагьи рагьулаго, лъималазулъ сахаватаб г1амал куци;<br>5. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | | | |
| 25 | Мух1амад Сулиманов. Х1инкъараб сапар | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Диалогалъул х1акъалъулъ баян кьей;<br>2. Лъималазул гьудуллъи к1удияб къуват бук1ин бихьизаби;<br>3. Набилги Самилги гьудуллъи бихьизаби;<br>4. Ц1ияб г1умру г1уц1изе ва гьеб ц1унизе къеркьезе кколеблъи бихьизаби<br>5. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 134-144 | | |
| 26 | Х1инкъараб сапар | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Мекъалдеги бит1аралдеги лъималазул бербалагьи ва гьелъул х1асил ц1алдохъабазда бихьизаби ва бич1ч1инаби<br>2. Героязе къимат кьезе ц1алдохъабазда лъай;<br>3. Гьудуллъи-къуватаб рух1ияб бечелъи бук1ин бич1ч1инаби;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 145-158 | | |
| 27 | Р.Х1амзато-васул поэзиялде сапар | 1 | Малъара б г1амлъиз аби | 1. Дагъистаналъул халкъияв поэт Р. Х1амзатовасул поэзиялде ц1алдохъабазул рокьи жеги ц1ик1к1инаби;<br>2. Ваццлъи-гьудуллъи нилъер къуват бук1ин баян гьаби;<br>3. Лъималазул г1акълу цебет1езаби | Гьум. 159-160 | | |
| 28 | Р. Х1амзатов Вера Васильевна | 1 | Ц1ияб материал малъи | 1. Халкъалда гьоркьоб гьудуллъи щулалъи ва цебет1ей коч1ол аслияб пикру бук1ин бич1ч1изаби;<br>2. Россиялъ бакараб чирахълъун г1урус учительница йик1ин бихьизаби;<br>3. Миллатазда гьркьоб рагъулъги х1алт1улъги т1егьан бач1араб щулияб гьудуллъи-къуват бук1ин лъай;<br>4. Ц1алул бажари борхизаби;<br>5. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 160-165 Кеч1 пасих1го ц1ализе | | |
| 29 | Маша | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Г1урусазда ва дагъистаниязда гьоркьоб гьудуллъи-ваццлъи рагъул окопазухъ щулалъараб куц бихьизаби. Халкъалъул гьединаб гьудуллъи бищунго гучаб къуват бук1ин баян гьаби; | Гьум. 166-169 2 бут1а рек1ехъе лъазаби-зе | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 2. Пасих1го ц1алиялъул бажари камил гьаби;<br>3. Рагъда лъадарараб гьудуллъи щулалъи ва цебет1ей – коч1ол аслияб пикру бук1ин бихьизаби;<br>4. «Маша» абураб ц1ар лъеялъе г1илла лъай;<br>5. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби;<br>6. Ц1алул бажари борхизаби | | | |
| 30 | Г1. Хачалов. Т1аса лъугьа, гьалмагъ майор | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Литературияб тексталъул кьуч1алда Ват1ан хиралъиялъул асар лъималазулъ ц1ик1к1инаби;<br>2. Ват1анияб рагъда г1адамазул къвак1и ва бах1арчилъи ц1алдохъабазда бихьизабизе лъай;<br>3. Саша Горбуновасул ц1одорлъи, бах1арчилъи, къвак1и бихьизаби;<br>4. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | Гьум. 169-178 | | |
| 31 | Фазу Г1алиева. Рии т1ад бан буго дир т1алъиялда. Ц1ад | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Фазу Г1алиевалъул х1акъалъулъ къокъаб баян кьей;<br>2. Гьаюраб ва г1ураб ракьалде Фазул бугеб рокьи бихьизаби;<br>3. Г1азизаб т1алъиялъул т1абиг1аталъ шаг1иралъе гьабураб асар бихьизаби;<br>4. Ц1ад балеб мехалъ муг1рузул т1абиг1ат хисулеб куц бихьизабизе шаг1иралъул бугеб гьунар бихьизаби;<br>5. Лъималазе гьелъ гьабураб асар лъай;<br>6. Ц1ад т1абиг1аталъе ва г1адамазе рах1матлъун бук1иналдаса шаг1иралъул рохел бихьизаби<br>7. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби;<br>8. Ц1алул бажари борхизаби | Гьум. 180-185 | | |
| 32 | Мух1амад Г1абдул-х1алимов. Инсул мина | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Жидецаго хабарияб асарги ц1алун, гьелъул щивав героясул г1амал-хасият борцине ругьун гьари;<br>2. Эбел-инсул адаб-х1урмат гьабизе ккей гьел ч1аго рук1аго;<br>3. Инсул рокъове Ибрагьим т1ад вуссиналъе г1илла лъай<br>4. Ц1алул бажари борхизаби<br>5. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби; | Гьум. 186-199 | | |
| 33 | Дагъистана-лъул халкъазул адабиялталда-са А.Жафаров Сих1ираб ци. | 1 | Ц1ияб дарс малъи | 1. Г1алхул жанаварал-г1агараб т1абиг1аталъул берцинлъи бук1ин лъай;<br>2. Муг1рузул т1абиг1аталъул сипат-сурат цебеч1езабизе хъвадарухъанасул бугеб махщел бихьизаби; | Гьум. 201-210 | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | Кадрия. Дир лъимерлъи-ялда хиял бук1ана | | | 3. Ци ч1вач1ого теялъе г1илла лъай;<br>4. Г1агараб халкъалъе хъулухъ гьаби, гьелда цебе щивав чияс жиндирго налъи т1убай-коч1ол аслияб пикру бук1ин бихьизаби;<br>5. Ц1алдохъабазул к1алзул калам цебет1езаби | | | |
| 34 | Х1асил гьа-биялъул дарс | 1 | Х1асил гьаби | 1. Х1асил гьаби | | | |

**Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъан V классалъул ц1алдохъабазда цере лъолел аслиял т1алабал**

Ц1алдохъабазда лъазе ккола:
-лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул ц1арал;
-лъазарурал асаразул багьадуралги ва гьел гьоркьор г1ахьаллъулел лъугьа-бахъиназул рахасги;
-адабияб теориялдаса баянал: художествияб асаралъул багьадур, багьадурасул монолог, диалог; дандекквей, олицетворение, эпитет;
-адабиял маргьабаздаса халкъиял маргьабазул бат1алъи;
-программаялда рек1ехъе лъазаризе рихьизарурал текстал.

**I**

**Ц1алдохъабазухъа бажаризе ккола:**
-лъазарурал асаразда гъорлъа хасал лъугьа-бахъинал рат1а рахъизе;
-лъазарулел асаразда жанир кколел лъугьа-бахъиназда гьоркьоб заманияб ва г1илла-мурадияб бухьен ч1езабизе;
-муг1алимасул т1адкъаялда рекъон, лъазабулеб асаралъул багьадурасул г1амал-хасият бицине.

**II**

-минуталда жанияб 90-100 раг1и кколеб хехлъиялда лъазарурал текстал раг1ун, рит1ун ва чвахун ц1ализе;
-рек1ехъе лъазарурал асарал пасих1го ц1ализе;
-захlматалъул темаялда сочинение хъвазе (жиндирго х1алт1ул х1албихьиялъул кьуч1алда);
-асаралъул багьадурасул хасият рагьизе (бицунги хъвангги);
-асаралъул багьадураздехун ва лъугьа-бахъиназдехун лъугьараб бербалагьиги загьир гьабун, жинцаго ц1аларал художествиял асаразе къимат кьезе (бицун).